

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG REKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis panalungtikan jeung pedaran data anu geus ditétélakeun di bab saméméhna ngeunaan abrési dina kadaharan has Sunda di Bandung Raya bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

Abrésias mangrupa prosés mondokkeun hiji kecap ku cara ngaleungitkeun hiji atawa sababaraha bagian léksém sangkan jadi wangun anyar nu ngalungguhan kecap. Abrésias anu kapaluruh dina kadaharan has Sunda di Bandung Raya aya 82 kadaharan. Satuluyna, ditétélakeun ngeunaan karakteristik kadaharanana, wanda abrési, pola jeung prosés abrési kadaharan.

Karakteristik kadaharan has Sunda kawilang variatif, hususna tina wanda kadaharan, bahan olahan, cara nyieunna, rasa kadaharan jeung cara nyuguhkeunana. Tina wanda kadaharan kapanggih aya opat rupa ngaran kadaharan, nyaéta lalawuh (cireng, cilok, cipuk, comro); deungeun sangu (bagong, sukri, perkedél); dahareun (sangu to, buryam, burcang, ketoprak); jeung inumeun (jéniper, mikul, sujamér). Bahan pikeun ngolahna rupa-rupa, di antarana tina tipung (dolhé, bang, balahu), aci (cimin, citot, ciwang), emih (mitul, midog), ketan (tansuké), jrrd. Cara nyieunna aya anu digoréng (cigor, tigor, taréng), dikulub (cilok, baci, cipét), diseupan (jasuké, ciu) jeung digodog (buryam, burcang). Rasa kadaharanana aya nu amis (colénak, gulali, jasuké), asin (ciréng, citul, géhu), haseum (jéniper) jeung gurih (gurilem, kripca, sebring).

kecap singgetan aya 4 kadaharan, sedengkeun wanda kecap tangkesan aya 6 kadaharan.

Ditilik tina pola jeung prosésna, wanda kecap tingkesan kapaluruh aya 6 pola nyaéta (1) $KA_1 + K_2 \text{ Eng-1/Eng-2} \pm K_3 \text{ Eng-1/Eng-2}$, (2) $K_1 \text{ Eng-1} + K_2 \text{ Eng-1} \pm K_3 \text{ Eng-1}$, (3) $K_1 \text{ Eng-1} + K_2 \text{ Eng-2}$, (4) $K_1 \text{ Eng-2} / \text{Eng-3} + K_2 \text{ Eng-1}$, (5) $K_1 \text{ Eng-2} + K_2 \text{ Eng-2} / \text{Eng-3}$ jeung (6) hurup attawa engang nu hésé dirumuskeun. Pola I abrési tingkesan $KA_1 + K_2 \text{ Eng-1/Eng-2} \pm K_3 \text{ Eng-1/Eng-2}$ dibagi jadi 4 sub pola nyaéta (1) $KA_1 + K_2 \text{ Eng-1}$ aya 4 kadaharan, (2) $KA_1 + K_2 \text{ Eng-1} + K_3$ aya 2

kadaharan, (3) $KA_1 + K_2 \text{ Eng-2}$ aya 3 kadaharan jeung (4) $K_1 \text{ Eng-2} / \text{Eng-3} \pm K_2 \text{ Eng-2} + KA_{2/3}$ aya 2 kadaharan. Pola II abrèviasii tingkesan $Ab \text{ Ting} \rightarrow K_1 \text{ Eng-1} + K_2 \text{ Eng-1} \pm K_3 \text{ Eng-1}$ dibagi jadi 2 sub pola nyaéta (1) $K_1 \text{ Eng-1} + K_2 \text{ Eng-1}$ aya 8 kadaharan jeung (2) $K_1 \text{ Eng-1} + K_2 \text{ Eng-1} + K_3 \text{ Eng-1}$ aya 4 kadaharan. Pola III abrèviasii tingkesan $K_1 \text{ Eng-1} + K_2 \text{ Eng-2}$ aya 11 kadaharan. Pola IV abrèviasii tingkesan $K_1 \text{ Eng-2} / \text{Eng-3} + K_2 \text{ Eng-1}$ aya 4 kadaharan. Pola V abrèviasii tingkesan dibagi jadi 2 sub pola nyaéta (1) $K_1 \text{ Eng-2} + K_2 \text{ Eng-2}$ aya 15 kadaharan jeung (2) $K_1 \text{ Eng-2} + K_2 \text{ Eng-3}$ aya 11 kadaharan. Pola VI hurup atawa engang nu hésé dirumuskeun aya 7 kadaharan.

Wanda kecap singgetan dibagi jadi 2 pola nyaéta (1) $K_1 \text{ H-1} + K_2 \text{ H-1}$ aya 3 kadaharan jeung (2) $KA_1 + K_2 \text{ H-1} + K_3 \text{ H-1}$ aya 1 kadaharan. Wanda kecap tangkesan aya 1 pola nyaéta ngaleungitkeun sora / engang nu ngaruntuy aya 6 kadaharan. Wanda kecap réduksi aya 1 pola nyaéta $KK_1 + K_2 \text{ Eng-2}$ aya 1 kadaharan.

Dumasar kana data anu geus dipedar di luhur, katitén yén abrèviasii dina kadaharan has Sunda di Bandung Raya, bisa ditalungtik dumasar kana karakteristik kadaharanana, wanda, pola jeung prosés abrèviasina.

5.2 Implikasi

Implikasi dina ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan jeung ngeuyeuban élmu pangaweruh dina widang linguistik, utamana morfologi ngeunaan abrèviasii dina kadaharan. Panalungtikan ieu ogé dipiharep bisa digunakeun pikeun ngenalkeun fénoména linguistik dina kontéks anu deukeut dina kahirupan sapopoé ka siswa atawa mahasiswa sarta pikeun jadi référénsi panalungtikan ngeunaan abrèviasii.

5.3 Rékoméndasi

Sabada dilakukeun panalungtikan, panalungtik nuliskeun sababaraha rékoméndasi anu baris ditepikeun saperti ieu di handap.

Kahiji, ieu panalungtikan medar ngeunaan wanda jeung pola abrèviasii dina kadaharan has Sunda di Bandung Raya. Ku kituna, masih perlu diayakeun panalungtikan séjénna ngagunakeun élmu séjén.

Jessika Amelia Hadiansyah Putri, 2025

ABRÉVIASI DINA KADAHARAN HAS SUNDA DI BANDUNG RAYA (Ulukan Morfologi jeung Semantik)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Kadua, sumber data nu dipaké dina ieu panalungtikan kawilang heureut nyaéta di wilayah Bandung Raya. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan séjén anu ngagunakeun sumber data anu leuwih lega sangkan data anu kapanggihna leuwih réa.

Katilu, abrégiasi dina méré ngaran kadaharan miboga niléy stratégis dina *pemasaran* sabab sipatna nu ringkes jeung gampang diapalkeun. Ku kituna, palaku usaha dina widang kulinér bisa ngamangpaatkeun hasil ieu panalungtikan pikeun nyiptakeun ngaran kadaharan anyar tur ngirut anu teu ngaleungitkrun aspék has budaya lokal.

Kaopat, tina ieu panalungtikan kahareupna dipiharep lembaga pendidikan jeung pamaréntahan daérah bisa méré aténsi kana dokuméntasi jeung kajian basa daérah dina séktor ékonomi saperti kulinér, sabab ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi dina program ngamumulé basa jeung budaya Sunda.